# ZAMANAGÓY BILIMLENDIRIW PROCESINDE KLASS BASShÍSÍNÍŃ ISKERLIGINE QOYÍLATUǴÍN TALAPLAR

**S.Saytbekova –** *pedagogika ilimleriniń kandidatı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nokis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** sinf rahbari, zamonaviy ta'lim, innovatsion texnologiyalar, pedagogik yondashuv, tarbiyaviy faoliyat.

**Ключевые слова:** классный руководитель, современное образование, инновационные технологии, педагогический подход, воспитательная деятельность.

**Key words:** class teacher, modern education, innovative technologies, pedagogical approach, educational activity.

**Kirisiw.** Házirgi globallasıw dáwirinde bilimlendiriw procesin shólkemlestiriwde klass basshınıń roli barǵan sayın artıp barmaqta. Klass basshısı tek oqıwshılardıń bilim alıw procesin baqlap ǵana qoymastan, al olardıń tárbiyalıq, sociallıq-psixologiyalıq, ádep-ikramlılıq, ruwxıy rawajlanıwında da áhmiyetli shaxs sıpatında ortaǵa shıǵadı. Zamanagóy bilim beriw koncepciyasında klass basshısı oqıwshılardıń jeke rawajlanıwın qollap-quwatlawshı, olardı erkin pikirlewge, kreativ qatnas jasawǵa, jámiyet turmısında belsendi bolıwǵa shaqırıwshı jetekshi sıpatında talıqlanadı.

Búgingi kúnde klass basshı iskerligine innovaciyalıq jantasıwlardı engiziw zárúrligi payda bolmaqta. Sebebi oqıwshılardıń qızıǵıwshılıqları, jámiyettiń talap hám mútájlikleri tez ózgerip atırǵan bir dáwirde dástúriy metodlar olardıń rawajlanıw tezligine sáykes kelmeydi. Bunday sharayatta informaciyalıq texnologiyalar, joybar tiykarında oqıtıw, shaxsqa baǵdarlanǵan jantasıw, kommunikativlik kompetenciyalardı qáliplestiriw sıyaqlı zamanagóy metodlar klass basshısınıń iskerliginde ayırıqsha áhmiyetke iye.

Sonlıqtan klass basshısınıń zamanagóy bilimlendiriw procesindegi iskerligin tereń úyreniw, oǵan zamanagóy pedagogikalıq jantasıwlardı integraciyalaw hám ámeliy jumısın jetilistiriw ilimiy-pedagogikalıq jaqtan áhmiyetli máselelerden biri bolıp esaplanadı.

**Tiykarǵı bólim.** Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2020-jıl 29-oktyabrdegi «Ilim-pándi 2030-jılǵa shekem rawajlandırıw koncepciyasın tastıyıqlaw haqqında»ǵı PP-6097-sanlı pármanında tálim-tárbiyanıń sapası, pedagogikalıq jantasıwlar hám jámiyet penen birge islesiw máseleleri áhmiyetli wazıypa sıpatında belgilengen [1]. Bul bolsa klass basshılarınıń pedagogikalıq iskerliginde shańaraq penen úzliksiz birge islesiwdi shólkemlestiriwdiń áhmiyetin jáne de kúsheytedi.

Klass basshısı pedagogikalıq processtiń áhmiyetli qatnasıwshısı sıpatında, oqıwshı shaxsınıń rawajlanıwın mektep hám shańaraq penen birgelikte támiyinlewi kerek. Sebebi bala sociallasıwınıń tiykarǵı negizleri mine usı eki ortalıq – shańaraq hám mektepte qáliplesedi. Bilimlendiriw procesiniń sapası, balalardıń sociallıq hám ádep-ikramlılıq minez-qulqı, miynet hám puqaralıq tárbiyası dárejesi hár tárepleme bul eki instituttıń únles birge islesiwine baylanıslı.

Pedagog ilimpaz O.Hasanbaevanıń pikirinshe "shańaraq hám mekteptiń birgeliktegi iskerligi pedagogikalıq texnologiya sıpatında klass basshısı tárepinen sanalı shólkemlestirilgende ǵana nátiyjege erisiledi" [2]. Usi kózqarastan qaraǵanda, shańaraq penen islesiw metodikası, birge islesiw formaları, tárbiyalıq ilajlardıń rejelestiriliwi hám olardı sistemalı ámelge asırıw klass basshısı iskerliginiń metodikalıq tiykarın quraydı.

Evropa pedagogikalıq tájiriybelerine muwapıq, mektep hám shańaraq birge islesiwi oqıwshılardıń bilim dárejesi, sociallıq juwapkershiligi hám ózine bolǵan isenimin arttırıwda sheshiwshi faktorlardan biri esaplanadı [3]. Sol sebepli bul temanı tereń úyreniw, bar kózqaraslar, aldıńǵı tájiriybelerdi tallaw hám ámeliy usınıslar islep shıǵıw búgingi kún bilimlendiriwinde áhmiyetli wazıypalardan biri bolıp qalmaqta.

Mekteptiń shańaraq hám keń jámiyetshilik penen baylanısı klass basshısı arqalı ámelge asırıladı. Klass basshısı ata-analar menen alıp baratuǵın jumıslarına tómendegi wazıypalardı sheshedi:

1. Ata-analar menen jaqınnan baylanıs ornatadı hám baylanıstı bárqulla bekkemlep baradı;
2. Oqıwshıǵa mekteptiń hám shańaraqtıń birden-bir talapları qoyılıwına erisedi;
3. Klass ata-analar jámáátin shólkemlestirip, olardıń klastaǵı tárbiyalıq jumıslarına belsene qatnasıwın támiyinleydi;
4. Ata-analar arasında pedagogikalıq bilimlerdi tarqatadı hám olardıń pedagogikalıq mádeniyatın joqarı dárejege kóteredi;
5. Klasqa atalıq etip atırǵan shólkemler, shańaraq hám mektepke járdem beriwshi shólkemler menen baylanıs ornatadı hám olardı klasstaǵı tárbiyalıq jumıslarǵa tartadı.

Klass basshısınıń oqıwshını jaqsı tárbiyalawdaǵı shańaraq hám jámáátshilik penen birge islesiwiniń tabısı olardıń bala menen islep atırǵan jumısları haqqında bir-birine qansha kóp, anıq hám turaqlı xabar berip turıwına baylanıslı. Mine usı maqsette klass basshısı shańaraqqa bir qatar sistemalı maǵlıwmatlar berip turıwı kerek:

- oqıwshınıń oqıw miynetine sıpatlama, oqıwdaǵı tabısları hám sátsizlikleri, olardıń sebepleri, alıp atırǵan bahaları;
- oqıwshınıń sociallıq belsendiligi haqqında maǵlıwmatlar, oqıwshınıń jámáát turmısındaǵı qatnası nelerden ibarat ekenligi, jámiyetlik tapsırmalar hám wazıypalardıń bar-joqlıǵı, sebebi olarǵa óziniń múnásibeti;
- oqıwshınıń óz teńlesleri menen múnásibetlerinde payda bolǵan jaǵdaylardıń xarakteri, mekteptegi qatnasıqlardıń sheńberi;
- oqıwshınıń ayırım is-háreketlerin analizlep, olarǵa pedagogikalıq túsinikler beriw. Shańaraqqa oqıwshı tárbiyashı haqqında másláhát hám usınıslar.

Shańaraqta óz gezeginde perzenti haqqında óz pikirleri, baqlawları boyınsha klass basshısına tómendegi mazmundaǵı informaciya berip barıwı múmkin:

- perzenti úyge berilgen tapsırmalardı qalay orınlaydı, oǵan sarplaytuǵın waqtı, sabaq tayarlaw tártibi, erkinlik dárejesi;
- belgilengen kún tártibiniń bala tárepinen orınlanıwı;
- oqıwshınıń mektep haqqındaǵı gúrrińleri, tásirleri, sózleri, klass turmısındaǵı túrli waqıyalarıa bahaları;

Ata-ananıń ayırım múǵallimlerden, klass basshısınan, mektep basshılarınan ótinishleri hám usınısları.

Klass basshısı menen shańaraq arasındaǵı bunday óz ara xabarlasıwlar oqıwshını tolıq úyreniwge, tálim-tárbiyada usı oqıwshı ushın eń maqul tárbiya hám tásir quralın tabıwǵa járdem beredi. Klass basshısı óz baqlawları, shańaraqtan alǵan maǵlıwmatlarınıń nátiyjesin kúndelikke jazıp barsa, ondaǵı toplanǵan maǵlıwmatlardı waqtı-waqtı menen úyrenip soǵan tiykarlanıp tiyisli juwmaqlar shıǵarsa, balanıń minez-qulqı hám pazıyletlerin jaqsılaw jolları, keyingi jobalardı belgilese, erisilgen dárejeni esapqa alıp jańa pedagogikalıq talaplar qoysa, tárbiya álbette unamlı nátiyje beredi. Klass basshısınıń ata-analar menen alıp baratuǵın jumısları tájiriybesinde jeke, klass-klass hám ǵalabalıq sıyaqlı formaları keń tarqalǵan. Ásirese, onıń ata-analar menen alıp baratuǵın ǵalabalıq jumısları bul tarawdaǵı iskerliginiń tiykarǵı baǵdarı bolıp tabıladı. Sebebi bul barlıq ata-analardı birlestiredi hám de olardı mektep talapları menen tanıstırıw, jámiyettiń tárbiyadan baqlaytuǵın maqsetleri, ata-ananıń wazıypaları, tárbiyanı ámelge asırıw jolları, metod hám formaları haqqında bilim beriw, klass turmısındaǵı ózgerisler, jobalar haqqında másláhátlesiw ushın pedagogikalıq lekciyalar shólkemlestiriw, ilimiy konferenciyalar, "ashıq esik" kúnleri, soraw-juwap kesheleri, ata-analar májilislerin ótkeriw ǵalabalıq jumıstıń túrleri esaplanadı.

Klass basshısınıń tájiriybesinde ata-analar jıynalısları keń tarqalǵan hám qáliplesken jumıs túri bolıp esaplanadı. Bul májilisler klass ata-analar jámáátiniń joqarı uyımı sıpatında óz qararları menen klastaǵı, shańaraqtaǵı hám jasaw orınlarında ámelge asırılatuǵın tárbiyalıq jumıslardıń wazıypasın hám baǵdarın belgilep beredi.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda, klass basshısınıń zamanagóy bilimlendiriw procesindegi jumısı tek ǵana shólkemlestiriwshilik jumıslar menen sheklenip qalmastan, al pedagogikalıq, psixologiyalıq, sociallıq hám innovaciyalıq jantasıwlardı baylanıstırıwdı talap etedi. Ol oqıwshı shaxsın hár tárepleme rawajlandırıw, erkin qarar qabıl etiw, sociallıq belsendilikti kórsetiw, zaman menen teń qádem taslawǵa járdem beriwi zárúr.

Demek, búgingi klass basshısı – bul oqıtıwshı, shólkemlestiriwshi, psixolog, másláhátshi hám birge islesiwshi sıpatında jumıs alıp baratuǵın kóp qırlı qánige bolıp esaplanadı. Onıń zamanagóy kózqarasları tiykarında islewi bilimlendiriwdiń sapasın hám nátiyjeliligin arttırıw menen birge, keleshek áwladtı hár tárepleme jetik shaxs bolıp qáliplesiwinde áhmiyetli faktor bolıp xızmet etedi.

Solay eken, klass basshısınıń zamanagóy bilimlendiriw procesindegi iskerligin turaqlı túrde ilimiy tiykarda úyreniw, innovaciyalıq texnologiyalar menen bayıtıw hám zamanagóy metodlardan paydalanıw bilimlendiriw sapasın arttırıwdıń eń áhmiyetli girewi esaplanadı.

**Ádebiyatlar**


1. O'zbekiston Respublikasi Prezidentining 2020-yil 29-oktabrdagi «Ilm-fanni 2030-yilgacha rivojlantirish konsepsiyasini tasdiqlash to'g'risida»gi PF-6097-son Farmoni.
2. Hasanboyev J., To'raqulov X.A., Alqarov I.Sh., Usmanov N.O'. Pedagogika (pedagogika nazariyasi va tarixi). Oliy o'quv yurtlari uchun darslik. –Toshkent: «Noshir», 2011.
3. Epstein J.L. School, Family, and Community Partnerships. – Routledge, 2018.


**REZYUME.** Mazkur maqolada globallashuv davrida sinf rahbarining ta'lim jarayonidagi o'rni va faoliyatiga qo'yiladigan zamonaviy talablar yoritilgan. Unda sinf rahbarining nafaqat o'quvchilarning bilim olish jarayonidagi, balki ularning tarbiyaviy, ijtimoiy-psixologik va ma'naviy rivojlanishidagi yetakchi roli tahlil qilinadi. Shuningdek, maqolada axborot texnologiyalari, loyiha asosida o'qitish, shaxsga yo'naltirilgan yondashuv va kommunikativ kompetensiyalarni shakllantirish kabi innovatsion usullarning ahamiyati ko'rsatib berilgan. Tadqiqot xulosasida sinf rahbari faoliyatini takomillashtirish zamonaviy ta'lim tizimi oldida turgan dolzarb vazifalardan biri ekanligi ta'kidlangan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается роль классного руководителя в условиях глобализации и современные требования, предъявляемые к его деятельности в образовательном процессе. Анализируется, что классный руководитель выполняет не только контроль за учебной деятельностью учащихся, но и играет важную роль в их воспитательном, социально-психологическом и духовно-нравственном развитии. Особое внимание уделяется значению инновационных подходов, таких как использование информационных технологий, проектное обучение, личностно-ориентированный подход и формирование коммуникативных компетенций. В заключении подчеркивается, что совершенствование деятельности классного руководителя является одной из актуальных задач современного образования.

**SUMMARY.** This article explores the role of the class teacher in the era of globalization and the modern requirements for their activities in the educational process. It emphasizes that the class teacher is not only responsible for monitoring students' academic performance but also plays a crucial role in their upbringing, socio-psychological, and moral-spiritual development. The paper highlights the importance of innovative approaches such as the use of information technologies, project-based learning, learner-centered pedagogy, and the development of communicative competencies. The study concludes that improving the professional activities of class teachers is one of the urgent tasks of the modern education system.